

**Pwogram Asistans Chomaj pou Pandemi (PUA) te lanse nan dat 1<sup>ve</sup> Me.**

PUA se yon nouvo pwogram federal ki kouvri travayè otonòm ak anpil lòt moun ki nan tan nòmal pa ta elijib pou chomaj tradisyonèl, sa ki gen ladan: agrikiltè, pechè, kontraktè endepandan, travayè ekonomi gig, anplwaye a bi non likratif yo ki pa tap kouvri anvansa, travayè yo ki pa gen istwa travay oswa salè sifizan pou yo ta elijib pou chomaj tradisyonèl ak sèten lòt ke yo te detèmine pa elijib pou benefis chomaj tradisyonèl. Lap ekspire nan 31 Desanm 2020.

**Kesyon yo Poze Souvan****PWOSESIS ASISTANS CHOMAJ POU PANDEMI (PUA)****1. Èske gen yon aplikasyon PUA separe?**

Non. Tout moun itilize menm aplikasyon ReEmployME an. Yo te modifiye aplikasyon an pou bay diferan repons baze sou kesyon yo, tankou pou moun ki travayè otonòm yo.

**2. E si mwen deja gen yon kont anplwayè ReEmployME?**

Ou pral bezwen pou kreye yon nouvo kont “reklaman” ou ka jwenn sou bò dwat nan ekran koneksyon ReEmployME an. Ou pa bezwen yon EAN pou kreye yon kont reklamasyon oswa depoze yon reklamasyon.

**3. Kijan mwen ka ranpli benefis chomaj anba nouvo pwogram sa a?**

A. Si ou te deja aplike pou benefis e yo te refize w akòz revni w pa ase, **PA re-aplike.**

Reklamasyon w nan sistèm lan e li pral transfere otomatikman nan PUA. Kontinye depoze sètifikasyon w chak semèn.

B. Si ou se yon travayè otonòm, ou te depoze yon reklamasyon anvan PUA te vin disponib e ou te resevwa yon refi; ou, pa bezwen re-depoze yon nouvo aplikasyon PUA, ou pral enskri nan PUA men ou pral bezwen pou depoze reklamasyon PUA chak semèn. Si ou gen nenpòt reklamasyon chak semèn an sispan, yo pral idantifye sa yo nan detèminasyon monetè PUA ou e yo pral konseye w pou depoze reklamasyon sa yo. Sistèm nan pral pèmèt ou depoze pou semèn ki note yo.

C. Si ou se yon travayè otonòm e ou poko depoze yon reklamasyon, vizite

[www.maine.gov/unemployment](http://www.maine.gov/unemployment) ak **ranpli fòm aplikasyon senplifye a pou PUA.** Soumèt sètifikasyon ebdomadè w chak semèn apresa.

D. Si ou **PA** yon travayè otonòm epi ou poko depoze yon premye reklamasyon anba nenpòt pwogram lojman, ou bezwen pou depoze reklamasyon chomaj regilye anvan pou yo detèmine si ou elijib. Si yo detèmine ou pa kalifye, yo pral otomatikman konvèti w nan yon reklamasyon PUA. Vizite [www.maine.gov/unemployment](http://www.maine.gov/unemployment) epi **ranpli aplikasyon an pou pwogram chomaj regilye eta a.**

**4. Konbyen tan mwen pral pran pou m resevwa peman benefis yo?**

Si reklamasyon PUA w pa bezwen plis egzaminasyon nan pwogram chomaj la, ou ta dwe kòmanse resevwa benefis yo nan sèt jou oswa mwens apati dat ou te premye fè reklamasyon an.

**5. Konbyen lajan mwen pral resevwa?**

Benefis PUA yo kòmanse nan 50% mwayèn benefis chomaj pa semèn eta pou travayè otonòm yo ansanm avèk sila yo ki pa satisfè elijiblite monetè pou benefis chomaj regilye. Sa a se \$172/semèn. Si ou se yon travayè otonòm, depi nou ka verifye revni dokimante w, nou pral ajiste benefis PUA yo, retro-aktivman. Benefis maksimòm ki disponib anba PUA se \$445/semèn.

Anplis, nenpòt moun kap resevwa yon benefis PUA ap resevwa tou benefis konplè adisyonèl \$600 pa semèn ki soti nan Pwogram Konpansasyon Chomaj pou Pandemi (FPUC) ki disponib pou reklamasyon yo ki te depoze nan semèn 25 Jiyè 2020.

**KISA POU ATANN**

**6. Poukisa kont mwen di “Salè pa ase” Poukisa mwen te resevwa yon lèt pa lapòs ki di mwen gen “0”**

Si ou te aplike pou PUA apati lè pwogram nan te lanse nan 1<sup>ve</sup> Me, kont ou ka di “salè ki pa ase” ak/oswa ou te ka resevwa yon lèt ki di ou genyen “0” benefis. Deklarasyon sa yo PA vle di yo refize w benefis PUA yo! Mesaj ak lèt la endike ke sistèm chomaj la ap chèche pou asire ke ou pa elijib pou chomaj tradisyonèl eta pandan lap voye reklamasyon w nan PUA. (Depatman an gen obligasyon dapre gouvènman federal la pou asire moun kap fè reklamasyon an pa elijib pou chomaj eta anvan yo peye pou benefis PUA. Lèt la nan lapòs fè pati nan pwosesis obligatwa sa.) Tanpri verifye kont ou ankò nan 24-48 èdtan; notifikasyon an ta dwe disparèt, e reklamasyon w lan ta dwe rezoud konplètman nan PUA. Akoz gwo trafik sou sit entènèt la, sware yo se pi bon lè pou verifye kont ou. Nan lespas sèt jou aplikasyon an, yo pral detèmine benefis PUA yo e yo pral peye otomatikman nenpòt semèn elijib. Apati de sa, tanpri kontinye depoze sètifikasyon ou yo chak semèn.

**7. Si m se yon travayè otonòm, kijan mwen dwe reponn kesyon #4?**

Si ou se yon travayè otonòm e ou pa gen salè avèk yon anplwayè nan ane kalandriye 2019 oswa 2020, ou dwe chwazi “NON” pou Kesyon 4. PA chwazi yon eta nan Kesyon 5. Pou dezeksyone yon eta, klike de fwa sou seleksyon w pou retire l.

**8. Si m se yon travayè otonòm e mwen depoze reklamasyon chak semen anba PUA, kijan mwen ka rapòte salè mwen yo?**

Nan reklamasyon PUA chak semen ou, ou ta dwe rapòte nenpòt salè nan kategori pou “ti travay.” Yo ta dwe rapòte salè sa yo pa revni brit yo apre yo fin peye depans biznis yo. Oud we konsève dokiman ki montre depans sa yo.

**9. Poukisa sesyon mwen an te ekspire pandan m tap ranpli aplikasyon mwen an?**

Pou rezon sekirite, sistèm nan ap dekonekte w apre 10 minit san aktivite. Apeprè 2 minit anvan sesyon an ekspire, yon kazye pral parèt avèk yon avètisman, sa ki ba ou opsyon pou chwazi “kontinye travay.” Si sesyon w ekspire, nenpòt done ou te deja anrejistre anvan pral rete pou lè ou rekonekte.

**10. Kont mwen endike ke mwen gen yon entèripsyon nan depo reklamasyon. Kisa mwen dwe fè?**

Si ou gen twa oswa plis sètifikasyon pa semèn ki pa t ranpli, kapasite w pou ranpli yo bloke. Akoz de sa a, ou ta dwe depoze sètifikasyon w chak semèn, epi rapòte nenpòt salè ou te touche nan semèn anvan. Nan fason pou asire tout moun ka ratrape, depatman an pral mete semèn adisyonèl sipleman tè pou ranpli benefis yo. Detanzantan verifye kont ou kidonk lè li disponib ou ka depoze semèn ki manke yo.

**KOUVÈTI****11. Èske travay gig, travayè endepandan ak kontraktè endepandan yo kouvri?**

Wi. Travayè endepandan yo elijib pou benefis chomaj anba PUA.

**12. E si mwen gen COVID-19 oswa mwen bezwen pou m pran swen yon manm fanmi ki genyen l?**

Si ou te resevwa dyagnostik COVID-19, wap eksperimante sentòm yo oswa wap chèche yon dyagnostik— e ou nan chomaj, anpati oswa pa kapab travay akoz de sa —ou pral kouvri pa PUA. Menm bagay la se verite si ou dwe pran swen pou yon manm nan fanmi w ki te gen yon dyagnostik.

**13. E si lekòl oswa gadri pitit mwen fèmen?**

Si ou konte sou yon lekòl, yon gadri oswa yon lòt etablisman pou swen yon timoun, paran granmoun oswa yon lòt manm nan kay la kidonk ou ka ale travay — e etablisman sa te fèmen akoz COVID-19 —ou elijib pou asirans chomaj anba PUA.

**14. E si yon founisè swen sante konseye m pou m rete an karantèn akoz mwen te ekspoze nan COVID-19? E osijè òdonans jeneral pou rete lakay ou?**

Moun yo ki dwe mete tèt yo an karantèn ki pa kapab ale travay akoz yon karantèn elijib, depi teletravay pa disponib.

**15. Mwen te sou pwèn pou kòmanse yon nouvo djòb e kounye a mwen pa ka ale akoz COVID-19.**

Ou elijib pou benefis anba PUA. Yo pral egzije dokimantasyon sou òf travay la. Ou pral kouvri tou si ou te jwenn revokasyon imedyatman nan yon nouvo djòb e ou pa t gen ase istwa travay pou kalifye pou benefis anba sikonstans nòmal yo.

**16. Mwen te oblije kite travay mwen dirèkteman akoz COVID-19. Èske m elijib pou aplike pou benefis yo?**

Li depann. Si anlwayè w pat revoke w men ou te oblije kite akoz yon founisè swen sante te rekòmande w pou rete an karantèn, oswa paske gadri pitit ou te fèmen e ou se moun prensipal kap bay swen, ou pral kouvri pou benefis chomaj anba PUA. Toutfwa, PUA pa t fèt pou kouvri reklaman yo ki kite travay yo (oswa swete kite) akoz enkyetid si yo kontinye travay sa kapab mete yo nan risk pou yo atrape COVID-19.

**17. Sipò finansye lakay mwen te mouri akòz COVID-19. Mwen te konte sou moun sa pou revni, e mwen pa p travay. Èske yap kouvri sa a?**

Wi. Si sèl founisè revni kay la te mouri nan COVID-19, patnè yo pral elijib pou benefis PUA.

**18. Kimoun ki pa kouvri anba PUA?**

PUA pa disponib pou moun ki: kapab travay pa mwayen elektwonik oswa otreman travay lakay yo; resevwa konje maladi peye oswa konje fanmi peye; ki fenk kòmanse travay ki pa ka jwenn travay; e ki otreman pa elijib pou benefis chomaj tradisyonèl.

**19. Mwen gen yon manm fanmi ki gen yon risk elve si yo ekspoze nan kowonaviris la. Li difisil pou fè travay mwen ak kenbe distans sosyal mwen pou anpeche ekspozisyon, kidonk founisè swen sante manm fanmi m te konseye m pou rete lakay mwen. Èske mwen toujou kalifye pou PUA?**

Pou w kalifye pou PUA si ou declare nan aplikasyon w ke founisè swen sante w te konseye w pou izole tèt ou epi pa ale travay akòz enkyetid ki gen rapò avèk COVID-19 sa ki kapab gen ladan anpeche risk pou ekspoze manm lakay ou nan viris sa a.

**20. E si mwen pè al travay paske mwen ka ekspoze nan Kowonaviris epi mwen vin malad?**

Li depann. Si ou pa ale travay akòz yon laperèz jeneralize nan ekspoze nan COVID-19, men pa satisfè okenn nan rezon ki gen rapò avèk COVID-19 pou pa travay, ou pa pral elijib pou PUA. **Men**, si ou gen yon laperèz rezonab paske ou ale travay (paske plas travay ou an pa konfòme avèk CDC rekòmand sou sekirite nan plas travay ki gen rapò avèk COVID oswa nenpòt lòt òdonans oswa rekòmandasyon ki soti nan yon gouvènman minisipal oswa eta, federal, e ou kwè rezonableman ke ou ta nan risk pou ekspoze oswa enfeksyon nan travay) ou ka elijib pou PUA.

**21. Kisa kap pase si m te fin itilize tout benefis chomaj mwen deja?**

**A:** Apati semen 18 Me, semèn adisyonèl pou benefis chomaj ap retroaktif ak disponib pou moun yo ki fin epwize benefis chomaj eta yo. Semèn anplis sa yo disponib pou nenpòt moun ke ane benefis yo fini nan oswa apre 1<sup>ve</sup> Jiyè 2019 e ki rete otreman elijib. Yap peye benefis yo retroaktivman nan semèn ki fini 21 Mas 2020 oswa semèn ki vini apre epwizman chomaj eta ou an, kèlkeswa sa ki vini annaprè. Ou dwe ranpli sètifikasyon chak semèn pou semèn sa yo nan fason pou yo ka fè peman yo. Si ou pa t ranpli pou semèn kap vini 21 Mas oswa nan pita, tanpri konekte sou kont ReEmployME ou pou depoze sètifikasyon sa yo. Nenpòt moun ki satisfè kritè elijiblite e ki te epwize benefis chomaj eta yo a pral resevwa Asistans Chomaj pou Pandemi [Pandemic Unemployment Assistance (PUA)] pou semèn yo ki fini nan 21 ak 28 Mas. Kòmanse avèk semen ki fini nan 4 Avril ak pita, Konpansasyon Chomaj Pwolonje pou Pandemi [Pandemic Extended Unemployment Compensation (PEUC)] pral kòmanse. Pou semèn yo kap fini nan 4 Avril jiska 25 Jiyè 2020, yap peye tou \$600/adisyonèl pa semèn nan Konpansasyon Chomaj Federal pou Pandemi [Federal Pandemic Unemployment Compensation].

**22. Mwen se yon elèv lekòl segondè avèk yon travay atan-pasyèl—èske mwen ka aplike ak kalifye pou chomaj?**

Wi, travayè yo sa ki gen ladan sila yo ki pi piti pase 18 ane ki touche salè yo (enkli tan pasyèl) nan travay ki kouvri epi ki vin pa p travay ka ranpli reklamasyon pou chomaj. Ou ka kalifye pou benefis chomaj dapre chomaj regilye eta ki prevwa ou gen ase salè pou satisfè kondisyon elijiblite monetè ak tout lòt egzijans yo (egzanp., separasyon travay kalifye, anmezi pou travay ak disponib pou travay, elatriye). Ou ta elijib tou pou peman adisyonèl federal \$600/semèn.

Si ou pa kalifye pou benefis chomaj regilye eta paske ou pa gen salè sifizan e ou te afekte dirèkteman pa COVID-19, ou ka elijib pou chomaj anba yon nouvo pwogram federal (PUA), kèlkeswa laj oswa estati elèv. Pa egzanp, yon elèv apantan, ki travay kèk èdtan pa semèn nan yon travay atan pasyèl e li vin nan chomaj, oswa pa anmezi pou travay oswa pa disponib pou travay kòm yon rezilta dirèk nan COVID-19 ka elijib pou chomaj anba pwogram federal PUA yo.

**23. Èske anplwaye lekòl yo elijib pou asirans chomaj pandan mwa ete yo?**

**A.** Si anplwaye lekòl la travay nòmalman yon djòb ete e travay sa pa disponib akòz Covid-19, anplwaye lekòl sa ta kouvri anba pwogram Asistans Chomaj pou Pandemi [Pandemic Unemployment Assistance (PUA)]. Pwogram asirans chomaj federal sa a (UI) kouvri nenpòt moun ki pa elijib pou benefis eta UI e si rezon ki fè manke travay la gen rapò avèk Covid-19. Yon anplwaye lekòl ki nòmalman pa travay pandan ete a pa anboche akòz Covid-19 e li pa elijib pou Asirans Chomaj (UI). Lwa Maine entèdi anplwaye lekòl yo pou kolekte Asirans Chomaj pandan mwa ete yo, Pwogram Asirans Chomaj la (PUA) se yon pwogram ki gen 100% finansman federal kidonk yo pa pral chaje lekòl la pou nenpòt benefis yo peye nan pwogram sa.

**KI KANTITE TAN BENFIS YO AP DIRE****24. Konbyen tan kouvèti asirans chomaj pwolonje a ap dire anba PUA?**

Kouvèti pwolonje (jiska 39 semèn) anba PUA ap disponib pou travayè ke travay yo te afekte pa COVID-19 jiska semèn 26 Desanm 2020. Kouvèti a retroaktif pou peryòd 15 Mas oswa lè biznis lan te afekte pa COVID-19 kèlkeswa sa ki vini nan pita. Si yon travayè otonòm te afekte pi bonè pase 15 Mas, yo pral bezwen pale avèk yon reprezantan chomaj pou yo ka avanse reklamasyon yo pi lwen pase dat sa a.

**DOKIMANTASYON TRAVAYÈ OTONÓM— Pa soumèt dokiman jiskaske yo mande w pou bay yo****25. Ki dokiman mwen pral bezwen soumèt pou travay otonòm mwen?**

Akòz travayè endepandan yo pa rapòte dokiman revni yo nan Depatman an, yo pral gen obligasyon pou bay dokiman yo. Benefis PUA yo pral kòmanse anvan dokimantasyon sa a – **pa soumèt dokiman pou kounye a**. Depatman an pral pro-aktivman enfòme moun ki travayè otonòm yo kilè pou yo soumèt dokimantasyon an, kisa pou yo bay ak kijan pou yo bay li.

**LÒT**

**26. Èske ou peye taks sou benefis chomaj yo?**

Wi. Lè ou ranpli premye aplikasyon w, ou chwazi si ou vle yo kenbe taks federal ak eta. Sa a gen ladan Konpansasyon Chomaj Federal pou Pandemi [Federal Pandemic Unemployment Compensation (FPUC)] benefis adisyonèl \$600 chak semèn, sa ki disponib jiska 25 Jiyè 2020. Nan fen 2020 ou pral resevwa yon fòm 1099G avèk revni w ki soti nan chomaj pou dosye taks ou.